

ACCESS for ELLs

Kijan pou Konprann Nòt Pitit Ou a

ACCESS for ELLs se yon egzamen pou konpetans nan lang Anglè ki mezire konpetans akademik elèv yo genyen nan lang Anglè.

- Lekòl, distri lekòl yo, ansanm ak eta yo itilize nòt egzamen ACCESS for ELLs yo lè y ap decide ki sèvis sipò yo dwe bay nan lang Anglè.
- Pwofesè yo itilize nòt egzamen yo lè y ap decide kijan pou yo pi byen anseye pitit ou a.
- Ou kapab itilize nòt egzamen yo pou defann pitit ou a.



Rapò Endividyèl Elèv (Individual Student Report) la montre nòt pitit ou a fè nan egzamen ACCESS for ELLs la nan wuit kategori diferan. Kat nan kategori sa yo se domèn lengwistik ki se Konpreyansyon Oral (Tande), Ekspresyon Oral (Pale), Lekti ak Ekriti. Yo konbine toulekat nòt pou domèn lengwistik sa yo ansanm pou kreye kat kalite nòt anplis:

- Kategori lang oral la se yon konbinezon nòt pitit ou a fè nan domèn Konpreyansyon Oral (Tande) ak Ekspresyon Oral (Pale).
- Kategori alfabetizasyon an se yon konbinezon nòt pitit ou a fè nan domèn Lekti ak Ekriti.
- Kategori konpreyansyon an se yon konbinezon nòt pitit ou a fè nan domèn Konpreyansyon Oral (Tande) ak Lekti. Li plis depann sou nòt pou domèn Lekti a pase nòt pou domèn Konpreyansyon Oral (Tande) la.

ELL

Yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè, oswa ELL, se yon elèv ki gen opòtinite pou l resewa ansèyman nan lang Anglè, anplis de lòt kou l ap swiv yo. Yo administre egzamen pou ELL yo chak ane pou ede pwofesè yo konprann konpetans lengwistik yo genyen yo, men ou gen dwa pou aksepte oswa refize sipò lengwistik la.

Domèn Lengwistik

Elèv yo itilize konpetans yo genyen nan domèn konpreyansyon oral (tande), ekspresyon oral (pale), lekti ak ekriti pou yo aprann kontni akademik, pataje enfòmasyon ak pou yo diskite ide. Konpetans sa yo se yon seri konpetans ke tout elèv travay sou yo pandan tout pakou edikatif yo. Evalyasyon lengwistik mezire konpetans yon elèv genyen nan toulekat domèn sa yo.

- Kategori global la se yon konbinezon de toulekat nòt nan domèn lengwistik yo. Li plis depann sou nòt pou domèn Lekti ak Ekriti a pase nòt pou domèn Konpreyansyon Oral (Tande) ak Ekspresyon Oral (Pale) la.

Pou chak grenn nan wuit kategori ki nan Rapò Endividyèl Elèv la, gen de (2) nòt:

- Nòt sou nivo Konpetans yo plase konpetans aktyèl pitit ou a nan sis Nivo Konpetans nan Lang Anglè WIDA yo. (Nivo konpetans yo pa gen rapò ak nivo klas elèv la.) Anba paj Rapò Endividyèl Elèv la, w ap jwenn deskripsyon sou konpetans lengwistik ki tipik pou nivo konpetans pitit ou a.
- Nòt alechèl yo se mezi presi yo ye sou pèfòmans pitit ou nan egzamen an. Yo pran an konsiderasyon nivo klas pitit ou ansanm ak difikilte kesyon yo te poze nan egzamen ke pitit ou a te fè a. Pwofesè yo itilize nòt sa yo pou yo konprann ki nivo pwogrè pitit ou afè nan konpetans nan Lang Anglè a depi dènye fwa pitit ou a te pran egzamen ACCESS for ELLs yo.



Konpetans Lengwistik

Yon konpetans lengwistik se yon evalyasyon ki montre nan ki nivo elèv yo ye nan pwosesis kontini pou yo devlope konpetans lengwistik yo. Lè elèv yo atenn pi wo nivo konpetans lengwistik yo, yo pa bezwen sèvis sipò lengwistik yo ankò.

Kesyon w ka poze

- Kisa nòt sa a vle di? Ki moun ki pral wè nòt sa a epi kijan yo pral itilize l'?
- Kijan nòt ane sa a konpare ak nòt presedan yo? Èske pitit mwen an ap fè pwogrè nan devlope konpetans nan lang Anglè? Ki lòt enfòmasyon ou itilize pou mezire pwogrè?
- Èske nòt sa a pral chanje ansèyman an oswa sipò ke pitit mwen an resevwa? Kijan w ap detèmine ki lè pitit mwen an dwe sispann resevwa sipò lengwistik la?

Distri lekòl yo itilize nòt **ACCESS for ELLs yo** pou evalye pwogram ki bay sipò lengwistik yo, pou kontwòle pwogrè elèv la, epi kòm yon faktè nan desizyon y ap pran pou retire yon elèv nan sèvis sipò lengwistik yo. Egzamen ACCESS for ELLs pèmèt lekòl yo satisfè egzijans responsablite onivo federal ak onivo eta yo.